

Jwèt Patou nan Lemonn Kalite tèks: Ekspozitwa (Genre: Expository)

Kesyon Esansyèl: Kòman jwèt timoun jwe patou nan monn lan diferan youn ak lòt?

Timoun patou nan lemond jwe anpil jwèt ansanm. Jwèt fè pati kilti yon peyi. Men kèk jwèt timoun jwe patou nan lemond.

Kole nan labou



Kole nan labou

Kole nan labou se yon jwèt ki komen anpil. Timoun nan Ostrali jwe yon kalite jwèt ki rele Kole nan Labou. Yon moun kanpe byen dwat san l pa deplase; li fè tankou se kole li kole nan labou. Lòt jwè yo menm ap bat pou dekole moun sa pandan yo chak ap bat pou pase nan mitan janm jwè a. Jwèt sa pran fen lè chak jwè yo jwenn chans kole nan labou a.

Kay



Ghana se yon peyi nan Lwès Afrik. Nan peyi sa timoun yo renmen jwe yon jwèt ki rele Kay. Se yon jwèt ki ansyen anpil, epitou moun toujou ap jwe li patou nan lemond. Se de jwè ki jwe li. Pou jwe jwèt sa ou bezwen yon moso planch ki genyen 12 twou, sis nan chak bò. Chak jwè yo bezwen 24 ti wòch, ti grenn pwa, ousinon mab. Jwè yo sipoze konnen kouman pou yo deplase ti wòch sa yo youn pa youn pou yo kapab genyen. Se

yon jwèt ki ede timoun fè byen nan matematik.

Sote Kòd



Timoun k ap sote kòd

Gen plis pase santan depi timoun, tifi kòm ti gason, ap sote kòd. Pou w jwe jwèt sa ou sèlman bezwen yon kòd. Se te kolon ki te sòti Netherlands ki te vini ak jwèt sa nan Amerik. Jodia gen moun ki jwe l ak plizyè kòd. Ou jwenn jwè ki fè konpetisyon tou pou yo kapab wè kilès ki kapab sote plis ousinon pi byen.

Men kèk lòt jwèt



2^{yèm} Ane

Ti moun sa yo ap jwe Marèl.



Ti pitit sa ap jwe Ayatori.

Aktivite

Kreye yon jwèt pou timoun parèy ou. Ekri l epi desine l.

Kesyon esansyèl: Kòman jwèt timoun jwe patou nan monn la diferan youn ak lòt?

